National Whistleblower chikwata chino wanikwa muWashington, D.C., chinova NGO yatungamira muhurongwa hwemitemo yema whitsleblower. Tiri chikwata chashanda paku chengetedza neku batsiridza mawhitsleblowers kwema kore anokwana kuita mazana matatu.

Chii chinonzi Whistleblower?

Whistleblower munhu anoshanda kunyeurira huori hwevatungamiri vehurumende, nhoswa dzehupenyu hwemumasango kana kutyorwa kwemimwe mitemo mumabato akasiyana siyana ehurumende, achizviisa panjodzi. Pane mimwe mitemo, maNGOs anotariswa sevamwe vema "whistleblowers."

Mawhistleblowers vane simba guru mukurwisana nekupambwa kwemhuka dzesango!

Pamakore achangodarika pane kuwonekera kwehuwandu hwemhosva dzekupambwa kwemuka nema sango adzo izvo zviri kukonzera mirizhonga mukuchengetedzwa neutsigo hwenyika.

Kupambwa kwemhuka nemasango ibhizimusi raita bhiriyoni pasi rose riine kusungwa nekutongwa kushoma kwati kwaitwa kuvaiti vebasa iri.

Kubatsiridza mawhistleblower vaneruzivo rwemukati menyika kana mapato enyika, kunobatsiridza kuendererwa mberi mukubatwa kwemhoswa dzeku pambwa kwemhuka nemasango, zvichiwedzera kusimbisa vatsigirwa neva tevedzeri vemitemol neku dzikisa kuperevedza nekushomeka kwemhuka.

Kusvitsa neku buritsa umbowo whemosva yekupambwa kwemhuka dzesango

Unogona kutaura mhoswa dzekupambwa kwemuka dzemusango kana uine umbowo uzere hwezviito zvisinga bvumirwi.

Kuunganidza nekuronga umbowo hwekupambwa kwemuka dzemusango kwawaona kwakanyanya.

Vagadziri nevatsinhiri vemitemo vanogona kuita wongororo netsvakiridzo yerunyerekupe runenge ruine umbowo huzere:

- Mifananidzo
- Tsamaba dzepa kombiuta
- Tsamba dzemabhizimusi
- Tsamba dzesayenzi
- Tsamba dzemirandu
- Tsamba dzemari
- Tsamba dzemukati memapato
- Tsamba dzehurongwa hwekusangana
- Mabhaisikopo nemazwi
- Marisauti ebvunzo
- Nzendo nemafambiro akahwanda
- Tsamba dzema bhanga
- Humbowo hwechioko muhomwe neuwori

Munhu ane ruzivo mayererano nekutyorwa kwemitemo yekuchengetedzwa kwemhuka dzesango mune ipi nzvimbo ano chenjedzwa zvikurusei kuenda kubumbiro remitemo kuitira kuti ruzivo rwavo ruve rwuno chengetedzwa nekubatwa zvakanaka.

Mubhadharo kunaWhistleblowers
Mawhistleblower epasi rose vaka hora mari dzinodarika mamiriyoni mazana matatu mushure meku svitsa nyeuriro yechiwoko muhomwe pakati pava kuru venyika dzakasiyana siyana vachi tungamirirwa nemutemo we U.S reward.

Hurumende yeU.S. yakabhadhara mari dzinokwana kuita mamiriyoni makumi matatu nerimwe ne zviuru zvinokwana kuita mazana masere kuma whistleblower vasiri vagari veU.S. vainge vataura mhosva dzeku svibiswa kwamakungwa.
Chikwata cheNWC's Global Wildlife Whistleblower Program chinoshandisa rubatsiro rwama whistleblower mumitemo yakafanana neLacey Act, huori hwevamirriri vedzimwe nyika pasi rose (Foreign Corrupt Practices Act), uye neweku kunyepera kuziva zviitiko (False Claims Act) izvi zvichiitirwa kubatsiridza nhengo dzemukati medzinyika kutaura dzimhosva dze kupambwa kwemhuka nedzimwewo mhosva dzemuka nemasango.

Mibhadharo nekuchengetedzwa kwema Whistleblowers
Kune mitemo yeU.S. yakasimba ino shandiswa pasirose, yakagadzirirwa kurwisana nemhosva dzeku pambwa kwemhuka dzemusango iyi inowanikwa ichipa ma whitsleblower mibhadharo mikuru.
Mitemo iyi ino tsinhira kushanda kwama whitsleblower pasi rose, avo vanenge vakwanisa kuburitsa nekutaura kupesaniswa nekutyorwa kwemitemo yakakosha yekuchengetedzwa kwemhuka dzesango iyi inowanikwa ichizochengetedza mhuka, hove, zvirimwa, masango nedzimwe mhuka dzinowanikwa dziri pakushungurudzwa, kutorwa, kutumirwa kune dzimwe nzvimbo nevapambi vasina kodzero vanokwanisa kunga vari vagari vemu U.S. kunyangwe ne vasiri vagari vemo kana kuti makambani emunyika ye U.S.

Bato reNWC's Global Wildlife Whistleblower rinopa nzvimbo dzakachengetedza dzaunowana pamhepo (internet), idzi dzinoitirwa kupa vanhu vepasi rose mukana wekusvitsa nyeuriro yedzimhosva dzeku pambwa kwemhuka nama sango uye dzichi sanganisa mawhitsleblower nemagweta ebumbiro remitemo avo vanovabatsira kusvitsa mhosva dzavanenge vataura kubumbiro remitemo yeU.S. pamwe nekuva kumbirira mubhadharo unoenderana nekutyorwa kwemutemo kwavanenge vasvitsa kwavari.

Kuti mudzidze nekuziva zvakawanda pamusoro pebato rino kusanganisira nzira dzekusvitsa nyaya nekusangana nemagweta mubumbiro reNWC’s Wildlife Attorney Referral Service (ARS), endai panzvimbo inoti: www.whistleblowers.org/wildlife.

Chikwata cheNWC's Global Wildlife Whistleblower chakakunda pamutambo weWildlife Crime Tech Challenge, unova mutambo wakarongwa nebumbiro reUSAID vachibatana ne chirongwa cheNational Geographic Society, che Smithsonian Institution, neche TRAFFIC. Chirongwa ichi chinowanawo zvakare mubhadharo kubva kubato reWildcat Foundation.